

N ap Prezante Pwogram Vizit Enspektè a (Visiting Inspector Program, VIP)

Li enpòtan pou w konnen lwa ki gen rapò ak biznis ou pou w ka opere biznis ou yon fason responsab ak evite amann. Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA) bay lisans pou biznis nan plizyè douzèn sektè epi li enspekte plizyè dizèn milye biznis pou garanti yo konfòme yo ak diferan lwa lokal ak eta yo. Paske ou fenk ouvri biznis ou a, li kapab difisil pou ou konnen sa ou sipoze fè pou ou kapab konfòme ou ak lwa yo. Pwogram Vizit Enspektè (VIP) nan DCA gen yon enspektè prensipal ki fè yon enspeksyon gratis kote li pral vizite biznis ou a epi konseye ou sou sa ou bezwen konnen pou w ka konfòme ou ak regleman DCA epi evite vyole yo.

Kesyon Moun Poze Souvan

Ki biznis ki kalifye pou VIP?

Apati 1ye jiyè 2017, si ou resevwa yon lisans DCA nan youn nan sektè yo ki mansyone anba a, w ap resevwa enspeksyon sou konfòmite gratis la.

Sal Je	Aparèy Lesiv Endistriyèl
Aparèy Je (Pèmanan)	Livrezon Aparèy Lesiv Endistriyèl
Mezon Anchè	Kyòs Jounal
Etablisman Restorasyon	Pretè sou Gaj
Vandè Sigarèt Detayan	Sal Pou Jwe Bilya
Vandè Pwodwi pou Andikape	Lesiv Detayan
Vandè Sèvis Aparèy Elektwonik ak Aparèy pou Kay	Vandè dezyèm men – Machin
Magazen Aparèy Elektwonik	Vandè dezyèm men – Jeneral
Ajans Travay	Vandè / Reparate balans
Espas Je	Tretè Debri Metalik
Garaj	Kafe sou Teras
Garaj ak Pakin	Estand nan Lari
Pakin	Depo

Kijan VIP mache?

Nan lespas twa (3) mwa apre ou resevwa nouvo lisans ou a, DCA ap kontakte ou pou pwogram yon randevou pou enspeksyon sou konfòmite ou a. Pandan randevou a, yon enspektè prensipal pral ba ou enfòmasyon enpòtan konsènan fason pou w konfòme ak lwa DCA mete an aplikasyon

Kontinye sou do a >

yo pou biznis ou, tankou lwa sou lisans, Lwa Pwoteksyon Konsomatè Vil la, ak lwa travay tankou Lwa Konsènan Konje Maladi Peye Minisipal la. Apre enspeksyon sou konfòmite a, enspekte a ap ba ou yon "Sètifika Enspeksyon." DCA ankouraje ou korije nenpòt vyolasyon potansyèl san pèdi tan.

Konbyen enspeksyon an koute?

Enspeksyon sou konfòmite a gratis.

Èske enspeksyon an kapab nan nenpòt ki lang?

Wi. Ou ka mande nenpòt ki lang ou vle, epi DCA ap kowòdone sèvis entèpretasyon pou enspeksyon an.

Kilè yo pral enspekte biznis mwen an ankò?

Y ap enspekte biznis ou a nan lespas yon ane ankò.

Kisa mwen dwe fè si mwen bezwen re-pwograme randevou mwen an oswa mwen gen yon kesyon pou enspekte a apre enspeksyon mwen an?

Voye yon imèl bay VIP@dca.nyc.gov pou re-pwograme randevou pou enspeksyon ou a oswa kontakte Enspekte VIP a.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou fason pou mwen konfòme ak lwa DCA mete an aplikasyon yo?

Sitwèb DCA a, nyc.gov/dca, gen Lis Verifikasyon pou plizyè sektè epi nan plizyè lang, ansanm ak egzanp fòm, afich, ak modèl. Epi tou DCA òganize ak patisipe nan plizyè aktivite ak dirije Jounen Edikasyon Biznis. Si ou ta renmen pou DCA patisipe nan yon aktivite oswa fè yon Jounen Edikasyon Biznis nan katye ou a, ou ka soumèt yon demann sou entènèt. Si ou gen kesyon, ou ka Chat an Dirèk ak yon reprezantan DCA lendi jiska vandredi, ant 9:30 a.m. ak 5 p.m. (Sòf pou jou konje).

Si ou toujou gen kesyon konsènan lwa DCA mete an aplikasyon yo, ou ka pale ak Konseye Konfòmite Biznis DCA a. Rele 311 pou Liy Asistans Konfòmite Legal pou Biznis la oswa voye yon imèl bay BusinessComplianceCounsel@dca.nyc.gov.

Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon sou lòt Lwa Minisipal ki afekte biznis mwen?

Depatman Sèvis Ti Biznis (Department of Small Business Services, SBS) ofri plizyè resous pou ede ou louvri ak opere biznis ou. Ale sou nyc.gov/business oswa kontakte 311 pou jwenn plis enfòmasyon.



Office of the Mayor

**Consumer
Affairs**

Lorelei Salas
Commissioner

Depatman Afè Konsomatè NYC (DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominote kap devlope.